

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data ieu panalungtikan, bisa dicindekan saperti di handap.

- A. Kamampuh ngadongéng dina unsur ngagunakeun basa, kaasup kotégori **cukup**, katitén dina hasil skor rata-rata anu kahontal ku siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung nya éta 59,09 (59,09%).
- 1) Kamampuh ngadongéng dina aspék ngagunakeun basa, nya éta dina ucapan meunang peunteun 64,85 kaasup katégori alus.
 - 2) Kamampuh ngadongéng dina aspék ngagunakeun basa, nya éta dina lentong meunang peunteun 53,33 kaasup kotégori cukup.
- B. Kamampuh ngadongéng dina unsur ékprési, kaasup kotégori **cukup**, katitén dina hasil skor rata-rata anu kahontal ku siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung nya éta 49,40 (49,40%).
- 1) Kamampuh ngadongéng dina aspék éksprési, nya éta dina ngajiwaan watek meunang peunteun 53,33 kaasup katégori cukup.
 - 2) Kamampuh ngadongéng dina aspék éksprési, nya éta dina réngkak meunang peunteun 45,46 kaasup katégori cukup.
- C. Kamampuh ngadongéng dina unsur maham eusi, kaasup kotégori **cukup**, katitén dina hasil skor rata-rata anu kahontal ku siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung nya éta 51,52 (51,52%).

- 1) Kamampuh ngadongéng dina aspék maham eusi, nya éta dina ngajiwaan eusi meunang peunteun 56,97 kaasup katégori cukup.
 - 2) Kamampuh ngadongéng dina aspék maham eusi, nya éta dina nafsirkeun eusi meunang peunteun 46,07 kaasup katégori cukup.
- D. Kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung kaasup kotégori **cukup**, katitén dina hasil skor rata-rata anu kahontal, nya éta 53,33 (53,33%).

5.2. Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur dina ieu panalungtikan diajukeun saran-saran

1. Kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung kaasup kotégorina cukup. Ku kituna guru dipiharep mampuh ngaronjatkeun atawa ningkatkeun deui sangkan hasilna leuwih nyugemakeun.
2. Prosés pembelajaran salawasna ngaliwatan komunikasi lisan. Ku sabab kitu bisa disebutkeun yén kaparigela nyarita (ngadongéng) téh cukup hadé dina raraga nepikeun élmu pangaweruh. Dumasar kana hal éta, tarekah pikeun ngaronjatkeun kaparigelan basa hususna kaparigelan nyarita mangrupa tanggung jawab pikeun guru widang studi séjénna. Ku kituna panalungtik miharep supaya aya tarékah-tarékah ti para guru basa pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa.

3. Pikeun panalungtik saterusna, ieu panalungtikan kaasup basajan. Ku kituna, sakuduna leuwih gemet jeung lega ambahanana, boh bahanna boh objék panalungtikanana.

